QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIM VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

12-апрель 2021 ж /й 03-04/01-1845-сонли

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Әдиллик министрлигине**

***Сизиң 2021-жыл 5-апрельдеги***
***№13/1-3/390-санлы хатыңыз бойынша:***

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Сизге Нөкис қаласында жасаўшы пуқара Мухитдин Бердиевтиң өз мүрәжатинде Мойнақ районы Мадели АПЖ, Порлы таў аўылында жайласқан №12 мектепте оқытыўшы болып ислеп атырғанлығын, Президентимиздиң қарары менен басқа районларға қатнап ислеп атырғаны ушын үстеме пуллары берилмей атырғанлығынан наразы болып Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлигиниң "Исеним телефон" арқалы жоллаған мүрәжати бойынша үйренилгенде төмендегилер мәлим болды.

Пуқара М.Бердиев Нөкис мәмлекетлик университетин 1984-жыл (Диплом ИВ-I №223391) тамамлаған, қәнийгелиги математик оқытыўшысы, хәзирги ўақытта Мойнақ районы №12 мектебинде жәми 24 оқыў саaты бар, соннан математика пәнинен 20 оқыў саaты, физика хәм астрономия пәнинен 4 оқыў саатты қурайды.

Үйрениў барысында, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 7-июньдағы №471 Қарары 1-қосымшасы *"Улыўма орта билимлендириў мәкемелеринде басқа аймақлардан келип жумыс ислеп атырған педагог хызметкерлерге арнаўлы үстеме белгиленетуғын аймақлар"* дизиминде Мойнақ районы аймағындағы "Қазақдарья" АПЖдағы №14 хәм №15 мектеплер хәм "Хәким ата" АПЖдағы №16, №17 хәм №18 мектеплер, жәми 5 мектеп киритилген.

Усы дизимге киритилген мектеплерге 2-қосымшасында Алыс аймақларда жайласқан улыўма орта билимлендириў мәкемелеринде басқа аймақлардан келип жумыс ислеп атырған педагог хызметкерлердиң базалық тариф ставкаларына ис-стажынан келип шығып 50%ға шекем (6 айдан-3 жылға шекем-10 пайыз, 3-5 жылға шекем-20 пайыз, 5-10 жылға шекем-30 пайыз, 10-15 жылға шекем-40 пайыз, 15-жылдан артық-50%) белгиленетуғын арнаўлы үстемелер муғдарлары көрсетилген.

Соған байланыслы, Мойнақ районы №12 мектеп Мадели АПЖ, Порлы таў аўылы алыс аймақлар дизиминде болмағанлығы себепли оқытыўшы М.Бердиевқа ислеген ис-стажына қарап арнаўлы үстеме берилмейтуғынлығы мәлим болды.

Буннан басқада, Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 11-январьдағы *"Алыс аймақлардағы бюджет мәкемелерине тәжрийбели қәнийгелерди қамтып алыў ис-иләжлари ҳаққында"*ғы №4940 Қарарына муўапық алыс аймаққа барып ислеўши хызметкерлерге бир мәртелик компенсация төлемлери хәм хәр айлық үстемелер муғдарын төлеў көрсетип өтилген.

Усы Қарарға көре, алыс аймақларда жайласқан бюджет мәкемелеринен басқа аймақлардан мийнет искерлигин әмелге асырыў ушын келген жоқары мағлыўматлы қәнийгелерге базалық есаплаў муғдарының 50 еесеси муғдарда бир мәртелик басланғыш жәрдем пулы хәм үй-жайларын ижараға алғанлық (ижарада

турғанлық) ушын базавый есаплаў муғдарының 2 есеси муғдарында ҳәр айлық пул компенсациясы бериледи.

Сондай-ақ, алыс ҳәм узақ аймақ дегенде Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 7-июньдағы 471-сан қарары менен тастыйықланған Улыўма орта билимлендириў мәкемелеринде басқа аймақлардан келип ислеп атырған педагог хызметкерлерге арнаўлы үстеме белгиленетуғын аймақлар көрсетилгенлиги, ҳәр айлық компенсация жоқары мағлыўматлы қәнийге жумысқа қабыл қылынған айдан баслап 36 ай даўамында төлениўи ҳәмде хызметкер усы жерден жеке үй-жайға ийе болғанда, оған хызмет турар жайы берилгенде ямаса ол менен дүзилген мийнет шәртнамасы бийкар қылынғанда пул компенсациясын төлеў тоқтатылатуғынлығы белгиленген.

Соның менен бирге, 2021-жыл 1-мартдан баслап билим дәрежеси жоқары болмаған мектеплерде сабақ бериў ушын басқа аймақлардан қамтып алынған жоқары ҳәм биринши категорияға ийе оқытыўшы-педагоглардың базалық тариф ставкаларына, бир административлик-аймақлық бирликлер шеңберинде басқа район ҳәм қалалардан келип ислеп атырған оқытыўшы-педагоглардың базавый тариф ставкаларына 50 пайыз, басқа административлик-аймақлық бирликтен келип ислеп атырған оқытыўшы-педагоглардың базалық тариф ставкаларына 100 пайыз үстемелер төленди. Бунда билим дәрежеси жоқары болмаған мектеплерде сабақ бериў ушын басқа аймақта кеминде бир жыл ислеген жоқары ҳәм биринши категорияға ийе оқытыўшы-педагоглар қамтып алынады делинген.

Усы қарар менен тастыйықланған Схемаға көре жоқары мағлыўматлы қәнийге алыс аймақларда жайласқан бюджет мәкемелеринде, соның ишинен улыўма билимлендириў мектеплеринде, жоқары мағлыўматлы қәнийгеге болған зәрүрлик бойынша бос жумыс орынлары үстинен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳәм (ямаса) ўәлият ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтинде жайластырылған мағлыўматқа тийкарланып бюджет мәкемелерин таңлаған ҳалда жумысқа кириў бойынша мүрәжат қылады ҳәмде олар арасында жеңилликлерден пайдаланыў бойынша тийисли шәртнамаға қолы қойылып жоқары мағлыўматлы қәнийге талап етилетуғын бюджет мәкемесине жумысқа орналасыў бойынша усыныс жибериледи (мүрәжат келип түскен күннен баслап еки жумыс күнинде).

Бюджет мәкемеси, соның ишинен улыўма билимлендириў мектеп, усы усынысқа тийкарланып қәнийгени жумысқа қабыл қылыў, басланғыш жәрдем пулы ҳәм ҳәр айлық пул компенсациясыны төлеў ҳаққында еки жумыс күнинде басшының буйрығы шығарылады ҳәмде усы мақсетлер ушын буйрық қабыл қылынған күниден баслап еки жумыс күнинде (егер қаржылар жетиспеўшилиги жүзеге келгенде қаржылар ажыратылғаннан кейин үш жумыс күнинде) басланғыш жәрдем пулы ҳәм ҳәр айлық пул компенсациясыны төлеп береди.

Соған қосымша, Өзбекистан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 1-март күнги *“Билим дәрежеси жоқары болмаған улыўма билимлендириў мектеплеринде сабақ бериў ушын басқа аймақлардан оқытыўшы-педагогларды қамтып алыў ҳаққында”*ғы №53 буйрығына тийкар, Сондай-ақ, Министрлер Кабинети жанындағы билим сыпатын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясының ҳәмде Өзбекистан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 11-февраль күни тастыйықланған “Алыс аймақлардағы бюджет мәкемелерине тәжрийбели қәнийгелерди қамтып алыў ис-иләжлари ҳаққында”ғы ПҚ-4940-сон қарарына муўапық билим дәрежеси жоқары болмаған мектеплер дизиминде Мойнақ районы №12 улыўма орта билим бериў мектеби (№5 ҳәм №11 мектептен тысқары) жоқ екенлиги мәлим болды.

Жоқарыдағыларды инабатқа алып, Сизге оқытыўшы М.Бердиевтың ислеп атырған жумыс орны алыс аймақлар қатарында емеслиги хәмде билим дәрежеси жоқары болмаған мектеплер дизиминде жоқ болыўына байланыслы оған үстеме ҳақы төленбейтуғынлығын мәлим етип билдиремиз.

Арза ийесине усы үйрениў нәтийжелеринен наразы болған тәғдирде жоқары турыўшы мәкемелерге мүрәжат етиўге ҳуқықлы екенлиги тусинтирилди.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

*Орынлаўшы:Т.Утепов*
*Тел: (861) 222-92-63*